



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO INISYATIV 25 MILYON PYEBA KI SE 'TREE TRACKER'

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo anrejistre plantasyon pye bwa yo pou kontribiye nan objektif dirabilite ak rebwazman nan tout Eta a

Chak pye bwa ki plante kontribiye nan objektif 25 milyon pye bwa Eta a disi 2033

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon nouvo paj wèb ak yon zouti swivi entèaktif pou ede dokimente pwogrè nan direksyon objektif Eta Nouyòk pou plante 25 milyon pye bwa disi 2033. Òganize pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk epi li te devlope an koperasyon avèk Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS), paj wèb la ak Tree Tracker pèmèt ajans Eta yo, òganizasyon, antite prive, ak moun yo rapòte kote ak kantite pye bwa yo plante nan zouti swivi a, pou mezire pwogrè nan kad efò nan tout eta a.

"Nouyòk ap pran mezi desizif pou pwoteje anviwònman nou an ak ranfòse kapasite kominote yo pou reziste kont move tan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogrè nou anvè objektif 25 Milyon Pyebwa a se yon temwayaj sou pouvwa aksyon kominotè, epi nouvo Tree Tracker a pral rann li pi fasil pou Nouyòkè yo swiv pwogrè nou yo, pataje mizajou epi kontribiye nan yon anviwonman ki pi an sante pou lavni."

Pyebwa yo te plante an 2024 epi ankou konte nan total pou tout eta a. Chak done yo antre anrejistre kantite ak kote pye bwa yo plante. Done yo antre yo ka gen ladan tou enfòmasyon adisyonèl tankou dat plantasyon (yo), espès pye bwa, ak gwosè pye bwa. Paj Web la montre yon kat entèaktif sou pwojè plantasyon atravè Eta Nouyòk, epi resanse pye bwa yo plante pa rejyon, konte, ak minisipalite pou vizitè yo swiv plantasyon atravè eta a pandan inisyativ la ap pwogrese nan objektif 25 milyon pye bwa a.

Anplis lyen ak [Tree Tracker](#), paj wèb [25 Milyon Pyebwa](#) bay enfòmasyon sou fason pou plante pye bwa, kijan pou pran swen yo pou ede yo siviv, ak ki kote pou ale pou plis asistans teknik.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Sean Mahar, te deklare, "Nan travay ak Nouyòkè n ap sèvi yo, objektif 25 Milyon Pye bwa a ap ede adrese efò soutni nou yo pou pwoteje kominote yo ak resous natirèl yo atravè eta a. Chak pye bwa yo plante se yon etap nan direksyon yon Nouyòk ki pi an sante, ki pi vèt. Tree Tracker pral pèmèt Nouyòkè yo pataje istwa yo avèk nou kòm patnè nou yo nan efò istorik sa a, ki pral gen yon enpak dirab sou anviwònman an."

Bill Ulfelder, ki se Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan Nouyòk la deklare, "The Nature Conservancy kontan wè Eta Nouyòk devwale nouvo zouti pou dokimante pwogrè nan direksyon objektif Nouyòk pou plante 25 milyon pye bwa dis 2033. Atenn objektif sa a ta ede Nouyòk atenn objektif rediksyon kabòn li yo pandan y ap pwoteje dlo pwòp pou bwè, retabli abita bèt sovaj yo, epi redwi risk vag chalè ekstrèm yo, ki kapab fatal nan katye ki pa gen pye bwa."

Gouvènè Hochul te lanse Inisyativ 25 Milyon Pyebwa a nan diskou Eta Leta 2024 li a, li te alwe 32 milyon dola nan Fon Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la pou modènize pepinyè pye bwa Eta a ak eksplwate teknoloji pou swiv efò forestasyon yo nan Nouyòk ak 15 milyon dola nan Bidjè Egzekitif la pou sipòte pwojè rebwazman rezistan yo. Inisyativ la a revigore efò pou plante pye bwa eta a, ki voye yon siyal mache klè pou pepinyè prive yo, epi devlope endistri pwodwi forè vital eta a. Inisyativ la avanse objektif ekite klima ak rebwazman ki dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLPCA) Nouyòk la epi kontribye nan efò pi laj Nouyòk ap fè pou redwi polisyon ki kontribiye nan chanjman klimatik la.

Inisyativ 25 Milyon Pye bwa a mete aksan sou opòtinite finansman pou pwojè bwazman ak rebwazman nan Eta Nouyòk. Pwopriyete tè prive te gen aksè ak 4.5 milyon dola pou pwojè k ap agrandi ak restore forè yo atravè [Pwogram Sibvansyon pou Etabli Gwo Forè \(Establishing Large Forests, ELF\)](#), epi kounye a 15 milyon disponib pou minisipalite yo, òganizasyon san bi likratif, ak ajans Eta yo pou kreye zòn natirèl forè k ap sèvi kominote iben yo atravè [Pwogram Sibvansyon pou Reforestasyon Kominotè \(Community Reforestation, CoRe\)](#) jiska 12 mas 2025.

Inisyativ 25 Milyon Pyebwa Nouyòk la kontribye tou an pati nan kad [apèl](#) Gouvènè a ak Premye Minis yo nan Great Lakes St. Lawrence pou plante 250 milyon pye bwa nan rejyon Great Lakes la dis 2033.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)